

Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal



Eunice Kennedy
Shriver Center

Insurance Resource Center for
Autism and Behavioral Health

 @IRCABH
 774-455-4056

 www.massairc.org
 airc@umassmed.edu



Foto rekadre de yon gwoup moun ki pa idantifye k ap kenbe men youn ak lòt.

Kouvèti Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal

Apèsi

Kouvèti asirans pou otis ak sèvis sante konpòtmantal nan Massachusetts te elaji anpil pandan dènye dekad la. Elajisman sa a fèt gras ak aplikasyon plizyè lwa ak règleman diferan, ni nan nivo eta a ni nan nivo federal la. Gen plizyè kalite asirans sante, e kouvèti ou genyen an depann de kalite asirans ou chwazi a. Se poutèt sa li enpòtan pou konprann ki kalite asirans ou genyen ak sa li kouvri.

Anba a, ou pral jwenn yon apèsi jeneral sou diferan kalite asirans sante ke yon moun ka benefisye:

- **Piblik** - Sa a se yon kouvèti asirans ki soti nan MassHealth (Pwogram Medicaid Massachusetts) oswa Medicare. Gen plizyè kalite kouvèti MassHealth, e kalifikasyon pou MassHealth ak kalite MassHealth ou ka resevwa depann de plizyè faktè, tankou revni, laj, sikonstans espesyal (tankou si moun nan gen andikap). Kondisyon pou kalifye yo se moun nan dwe yon rezidan Massachusetts, sitwayènte ameriken pa obligatwa, men estati imigrasyon an ka detèmine ki kalite MassHealth yon moun ka resevwa. Moun ki gen andikap anjeneral elijib pou MassHealth kèlkeswa revni yo, men si revni fanmi an depase yon nivo espesifik, yo ka oblije peye yon prim chak mwa. Yon moun ka elijib pou MassHealth menm si li deja gen yon lòt asirans.



Garçons handicapés asiatiques et fille autiste apprenant à colorier/peindre à l'école

- **Prive** - Pifò anplwayè prive bay anplwaye yo asirans sante. Anjeneral, gen de kalite plan: plan ak finansman konplè, plan otofinanse. Kouvèti pou otis ak tretman sante konpòtman ka varye selon kalite plan ou genyen:
 - Finansman konplè – Yon anplwayè ka achte yon asirans sante nan men yon konpayi asirans pou bay kouvèti pou anplwaye li yo. Nan ka sa a, **konpayi asirans lan dirèkteman responsab pou kouvri depans sante moun nan** (epi fanmi li, si li gen yon kouvèti fanmi). Sa a se yon "**Plan ak finansman konplè**" (pafwa yo rele li "plan ak asirans konplè").
Plan ki konplètman finance pa konpayi asirans nan Massachusetts yo dwe respekte lwa Massachusetts epi yo oblije respekte Lwa sou kouvèti asirans pou otis (Act Relative to Insurance Coverage for Autism - ARICA), règleman sou sante konpòtman pou timoun ak adolesan (Behavioral Health for Children and Adolescents - BCHA).
 - Plan otofinanse – Yon anplwayè (anjeneral yon gwo konpayi) ka peye dirèkteman depans sante anplwaye li yo, olye pou l achte yon plan nan men yon konpayi asirans. Se sa yo rele yon **plan "otofinanse"**. Plan otofinanse yo sibi lwa federal, men yo pa oblije swiv lwa ak règleman eta yo, tankou ARICA ak BHCA. Menmsi plan sa yo pa oblije respekte dispozisyon ARICA, pifò ladan yo bay yon fòm kouvèti pou otis ak tretman sante konpòtman. Anplwayè ki mete sou pye plan otofinanse yo souvan itilize yon konpayi asirans sante oswa yon administratè twazyèm pati pou jere aspè administratif yo, tankou pwosesis demann ranbousman.

Kalite plan asirans ou genyen an ka pa evidan nan premye gade. Pou egzanzp, anplwaye ki gen yon plan ak finansman konplè ak sa ki gen yon plan otofinanse ka gen menm kalite kat asirans, tankou yon kat BlueCross, ak menm ko-peman, franchiz, elatriye.

• Lèt Kalite Asirans Prive:

- Anplwaye Eta Massachusetts ak kèk anplwaye minisipal jwenn asirans prive atravè Group Insurance Commission (GIC). Plan GIC yo se plan otofinanse.
- Massachusetts Health Connector vann plizyè kalite plan asirans. Tout plan yo enkli sèvis sante konpòtman, men kalite kouvèti a ka varye selon detay plan an.
- Plan "acha dirèk" – Sa yo se plan ke yon moun achte dirèkteman nan men yon konpayi asirans.
- Tri-Care - Asirans pou sòlda aktif, rezèvis, moun ki retirete, ak fanmi yo.

Remak enpòtan:

Konsomatè yo dwe toujou fè atansyon lè y ap achte asirans sante sou entènèt. Rechèch sou Entènèt souvan mennen moun yo lwen mache piblik yo (tankou Massachusetts Health Connector – <https://www.mahealthconnector.org>) epi voye yo sou sit ki vann plan ki pa konfòm ak lwa "Affordable Care Act" (ACA). Plan sa yo ka sanble pi bon mache, men moun ki achte yo ka fini ak plan "limite" ki pa bay kouvèti konplè kòm yon asirans sante prensipal. Gen lòt plan ki pa konfòm ak ACA, tankou "health care sharing ministries" ak "farm bureau plans", ki se "plan ki pa vrè asirans" kote moun mete lajan ansanm pou peye bòdwo medikal yo. Plan sa yo anjeneral pa gen lisans ni reglemante, epi yo souvan gen eksklizyon pou maladi ki te egziste deja ak lòt restriksyon. Rezilta a se ke moun yo ka fini ak yon kouvèti limite oswa pa gen okenn kouvèti ditou pou tretman otis ak sante konpòtman. Se poutèt sa li enpòtan pou verifye ke plan ou vle achte a se yon asirans sante ki gen lisans e ki vann pa yon konpayi asirans ki otorize nan Massachusetts.

Kijan Pou W Kòmanse?

1. Detèmine ki kalite kouvèti ou genyen. Si w bezwen èd pou w konprann asirans ou, kontakte Sant Resous Asirans lan..
2. Fè yon lis tretman pou otis ak/oswa sante konpòtman ou bezwen. Asirans lan sèlman kouvri tretman yo konsidere kòm "medikalman nesèsè." Yon moun ka bezwen sèvis ak sipò adisyonèl ki pa kouvri pa asirans lan.
3. Verifye si asirans ou kouvri tretman ou bezwen an. Gade rezime avantaj plan ou a pou w wè ki sa li kouvri. Rele konpayi asirans ou pou w jwenn detay sou kouvèti a oswa pou w poze kesyon.
4. Si pri tretman ou an kouvri, detèmine kantite lajan ou dwe peye (franchiz, kowopeman, elatriye). Frè sa yo ka varye, soti nan \$0 rive nan plizyè milye dola. Pifò plan asirans gen yon "plafon depans" (OOPM). Yonfwa ou rive nan limit sa a, ou pa oblije peye ankò pou rès ane a, sof pou prim chak mwa.
5. Si w gen yon asirans prive men li pa kouvri tretman ou bezwen, oswa si w vle èd pou depans ou dwe peye, ou ka konsidere aplike pou MassHealth CommonHealth kòm yon asirans segondè.

Kesyon Moun Poze Souvan

Èske mwen ka gen asirans prive ak MassHealth ansanm?

Wi, moun ka genyen yon asirans prive ak MassHealth an menm tan. Asirans prive a ap toujou premye kouvri depans yo, epi MassHealth ap sèvi kòm asirans segondè.

Pitit mwen gen MassHealth ak asirans prive mwen, men doktè yo gen difikilte ak konpayi asirans lan. Èske mwen ka renonse asirans prive a?

MassHealth toujou se "dènye peye a" (payeur en dernier ressort). Yon fanmi PA KA chwazi pou retire pitit li nan asirans prive epi li konte sèlman sou MassHealth.

Èske MassHealth gratis pou tout moun ki andikape?

Non. Moun ki gen andikap anjeneral ka benefisye de MassHealth kèlkeswa revni yo, men yo ka oblije peye yon prim si revni fanmi an depase yon nivo espesifik.

Èske MassHealth peye kopeman ak ko-asirans pou tretman otis ak sante konpòtmantal?

Wi, sitou si founisè a aksepte MassHealth epi si manm nan gen benefis pou sante konpòtman nan plan li.

Èske pwoteksyon asirans MassHealth la ka ekspire?

Non, men MassHealth revize elijibilite moun ki kouvri yo detanzantan. Lè MassHealth kontakte w pou mete enfòmasyon w ajou, li esansyèl pou w reponn pou evite sispansyon kouvèti MassHealth ou.



Gwoup divèsifye timoun ki alonje epi k ap gade kamera a

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon ak asistans, kontakte CRI nan 774-455-4056 oswa voye yon imel nan airc@umassmed.edu

Fich enfòmasyon sa a disponib sou sit entènèt nou an nan www.massairc.org,

Eskane kòd QR la pou konsilte fich enfòmasyon sa a anliy



<https://bit.ly/40QB2r8>

Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal (Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health) se yon pwogram Eunice Kennedy Shriver Center. Sant la resevwa finansman an pati atravè sibvansyon ak kontra ki soti nan Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts (EOHHS), Depatman Sèvis Devlopmantral Massachusetts (DDS), Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH), Depatman Edikasyon Eleman tè ak Espesyal Massachusetts (DESE), Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Fondasyon Nancy Lurie Marks Family, Fondasyon Doug Flutie Jr. pou Otis, Bailey's Team for Autism, Blue Cross Blue Shield Foundation of Massachusetts, Boston Children's Hospital, ak UMass Chan Medical School. **Feyè enfòmatif sa a te aktyalize pou dènye fwa an 02/2025.**

UMass Chan Medical School

55 Lake Avenue North Worcester, MA 01655-0002

Copyright © 2025 University of Massachusetts - Tout dwa rezève.